


1718

République du Sénégal
Ministère de l'Economie, des Finances et du Plan
Cellule de Suivi du Programme de Lutte
Contre la Pauvreté

Création de richesses

Tënk bi aju ci liggéeyu sosinu alal/am-am



Tënk bi aju ci liggéeyu sosinu alal/am-am

Li ci biir/li mu ëmb

- 1.1- Sabab si
- 1.2- Pàccu meññal
 - 1.2-1. Pàcc bu lalu bi
 - 1.2-2. Pàccu toftal bi/pacc bi ci tegu
 - 1.2-3. la ca Kawlax (Ndàngaan)
- 1.3- Pàccub jàppale meññat wi :matuwaay yeek béreb yi ñuy liggéeye
 - 1. Matuwaay yi
 - 2. Béreb yi ñuy liggéeye
 - 2.1- Yoonu géeej gi / yoonu gaalu géeej
 - 2.2- Yoonu roppëlaan
 - 2.3- Yoonu saxaaru jéeri
 - 2.4- Yoonu biir dëkku taax
 - 2.5- Yoonu àll bi / yoon yi ci kaw gi
 - 3. Xarala yu bees yi aju ci yëgle ak jukkoo ak seeni langaan ci biir réew mi/Senegaal
 - 4. Pàcc bi soloo leb ak ndenc
 - 5. Yaxantu bi
 - 6. Wàllu dëkkuwaay yi ak tabax yi
 - 7. Wëraan mi

1.1- Sabab si:

Li sabab yokkuteɗ réew mi mooy sóobu gu mu sóobu ci NEPÀDD bi, te mooy matale, walla jote bu dëndu AFRIG warloo ak boppam, ngir dab réew yu am doole yi. Tëralin woowu nas na juróom-ñaari (7) jëmuwaay: (1) wàññi ndóol ñàkk gi, la mu xaaɗ fii ak 2015; (2) yokk bu baax matuwaay: askan wi; (3) sellal doxalinu nguur gi, mu ànd ak jàmm ak di gatandu fitna; (4) dooleel bu baax, maanaam yokk ndëgërlaay mbey mi; (5) yokk it mën-mëni askan wi, te awe ko ci xaralay jukkoo ak yëgle yu bees yi; (6) caada gi; (7) di fexe nag ba mën a yegg ci jaayuwaay, maanaam ja yi ci réew yu mag yi.

Ngir jëmmal loolu ba mu doon lees mën a gis réew mi dafa warloo di cuq bépp pàcc, bépp matuwaay, bépp kurél buy yëngu ci sosinu alal maanaam am-am.

Bu yàgg ba tey, xeexub ndóol gi ak ni ñu taxawoo yokkuteɗ yëngutey koom gi wone na li gën a ittéel, li gën a soxal kilifa yi jiite réew mi; kon lii moo sabab coppite yi am, ngir yokk mu gën a baax mépp mbir muy defar.

Wàll yi ëpp solo ci sunu yaakaar, ci sosinu alal/koom/am-am ñooy: càmm gi, napp mi, maanaam daal pàcc bi ñu tudde pàcc bu lalu bi, di pàcc bi ñu kanamal. Ñu rax ci dolli yeneen pàcc : bi ñu ci toftal, maanaam bees gannaawal, ak lépp luy sarwis.

1.2- Pàccub meññal bi:

Pàccub meññal bi, maanaam tëralinu meññal wi moo mooñaale pàccub meññal ak biy jàpple meññalin wi, meññat wi.

1.2-1. Pàcc bu lalu bi:

1.2-1.1. Langaan yi/bi ñu kanamal

Pàccub meññal bu lalu bi, li mu ëmb mooy meññat yi bawoo ci gancax gi, yi bawoo ci mala, napp mi ñuy defe ci dex yeek géej gi ak xeeti jën yi ñuy yar; loolu lépp nag dafa am solo su kawe, ci koomu réew mi. Li réew mi meññ ci diggante 1994 ak 2000, koom googu mat na 19,3%. Moo tax it ñiy liggéey ci wàll woowu, te bokk ci askanu réew mi, tollu nañu ci 60% niti réew mi, doon it 56% ci liggéeykati réew mi.

1- Mbey mi

Diggante 1991 ak 1998, doomi réew mi ittéwoo mbey tollu nañu ci 70% ci ñiy liggéey ci kaw gi; mujj nañu doon nag ci atom 1999, 60% doææ. Li wàcce dayo boobu nag, ay gállankoor lañu yu ànd ak mbey mi, maanaam : taw yu néew, ñàkkug

matuwaayu mbey, maanaam liy jàpple ci mbey mi, rax ci dolli ñiy daw mbey mi.

Atum 1995, daytalum mbey mi, bu ñu ko méngaleek meññatu biir réew mi ñeel pàcc bu lal bi, doonul woon lu dul 50,5%; ndaxam ci 2001, yéeg na ba 54,2%. Moonte wàllu mbey mi ci meññatu biir réew mi yéngatuwul, maanaam dafa sax ci 10,2% ci diir boobu.

• **Meññat wi bawoo ci dugub ak xeeti dugub:**

Dugub ak basi yi kaw giy dunde tollu nañu ci 90,87% ci li ñuy lekk, te gerte gi moom, dayoom ci wàll woowu ëppul 73,22%. Lii mooy firndéel ne Senegaal léppam ci li muy dunde ci taw bi la aju (94,585%).

• **Leneen li ñuy dunde:**

Lii di ñebbe, lii di ñàmbi yu ñu tàmm a dunde lañu; ñoom nag, seen dayo, maanaam seen meññat, wàññiku woon na lool, diggante 1996 ba 2002. Li ko waraloon nag mooy suuf su dee si, ci diwaan bi ëpp li ñuy bey gerte.

• **Mbey mi ñuy jagleel isin yi:**

Gerte gi ñuy xelli/segal (diwlin)

Ku méngale suuf si ñu jagleeloon gerte gi ñuy segal, ci ñaari at yii: 1996 ak 2002, dinga gis ne suuf soosu yokku na 7%, meññat wa yokku 33,71%; la cay yokku it yéeg na ba tollu ci 28,78%; lim yii de, ku leen gis foog ne mbey ci at yii: 2001 ba 2002, ñuy ñaari at yoo xam ne, dëgg-dëgg, liggéey ba baaxoon na ba kawe suñu njort, rawatina bu ñu seetee at ma jiitu ak ma ca topp/tegu ci 2002. Ndaxam de mággaayu/kawewaayu meññat yooyu taxul li réew mi amoon ci gerte yéeme, ndax 714.964 ton doax la woon, fekk ñu yaakaaroon 1.000.000 toni gerte ci at mu ci ne, ndaxte loolu moo doon matale mébét mi ñu ci amoon, muy 71%.

Xeetu gerte gi tudd "arasiid dë buus" suufam wàññiku na, doonte la ca meññ yokku na bu baax sax, ba yéeme, ci atum 2000.

Wëttéen wi:

Li ci réew my meññ at mu jot mu ngi tollu ci 35.000 ton. Suuf si ñu ko jagleel dafa wàññiku ba tollu ci 59,7% ; loolu dafa am jeexital ci meññat wi wàññiku lu tollu ci 7,45%. Loolu nag am na lu ko saafara, muy li ñu góob ci ektaar bu nekk, te mu tollu ci 1.134 kilogaraam ci atum 2002, fekk doonul woon lu dul 763 kilo/ektaar ci atum 1996.

• **Li meññe ci garab yi :**

Bokk na ci yooyu: mǎngo ji, sorās, limoæ, mǎndarin... banaana, xaal, nga xam ne moom dafa yokku ba yéeme ci ñaari xeetam: bii yokku 18,54% beneen bi moom 21,2%, ci diggante 1996 ak 2000, ak ci diir bi dox diggante 1995 ak 2000.

• **Ci wàllu mbeyum dër :**

Yoon wu am yaakaar la, ngir li muy dolliku ci mbeyum réew mi, ba di ko yaatal ; dina gën a dëgéral it am-ami ñi ciy yëngatu, di aar it réew mi ci xiif.

2- Càmm gi:

Wàll wu tegu ci yoon la, ndax dafa am ay mbootaay yu fasu ci biir ay See-Ii-Ë, ay koppe ay mbootaayi dëkki kaw ; yooyu yépp nag dañuy jàppale ak di dimbale cig yokkute, ca kaw ga. Moonte, ginnaaw bi ñu sosee kurélu sàmm yi, te mu tudd «Em-Dee-Ë», te it mu am kurél bu koy taxawu ci diwaan bu ne, mbootaayi sàmm yi doxuñu ni mu ware.

Li réew miy génne ci yàpp (xeeti yàpp yépp lañu boole), éppuloon 128.500 ton, ci atum 2003. Ci biir loolu, yàppu nag 47,8% la ; jur gu sew gi, yàppam di 24,6%. Njanaaw yi de, seen yàpp, 25.000 ton la, mu tollook 22% ; lu ci am solo la.

3- Napp mi

Napp mi ak i langaanam ci wàllu isin am nañu solo su réy, ci koomu réew mi; moo tax kilifay réew mi di jàpple napp mi kem kàttanam, di ci dugal xaaalis, di wàññi tegandaay yi ak di sos, maanaam di tabax i kuréli liggéeyukaay.

Li wóor nag mooy: napp mi ci biir géej gi, liggéeyloo na nit ñu baree-bare; ci noonu kon, wàññi na ñi ñàkkoon ab xëy. Yëngute yi ci taq, maanaam lu deme ni soppali jën yi, li aju ci jagal ak di toppatoo jumptukaay yi ñuy nappé, li aju ci yett gaal, lii lépp jeexitalam mooy yokk xëy askan wi. Niy liggéey ci wàll wii, tollu nañu ci 17% ci ñi am ab xëy; maanaam kenn ci juróom-benni doomi réew mi, mu ngi liggéey ci wàll wii.

4- Wàll yi épp solo ci yiy jàpple ci meññat wi ñeel pàcc bu lal bi

Yi ci épp solo ñooy ndox mi waa kaw gi ittéwoo ak ndox mi jëm ci mbey mi ak kéew gi (li ñu wër), ndax ndox moomu mooy suqali meññatu pàccub lépp lu xeetoo ci mbey (pàcc bi lal maanaam pàcc bi ñu kanamal).

Xaalis bi ñuy jagleel matukaay yiy jàppandil ndox mi kaw gi ittéwoo, moo xam ndoxum naan la (ak sangu, togg ak mom yëngute yi jëm ci mbey mi ak ndoxum jur gi), xaalis boobu, ma ne la mu ngi tollool ci 8,2% ci atum 2000; ñoqali na ba 21,6% ci 2003, yéeg nag ba yegg 26% ci 2005 gi.

Kéew gi de moom, cëslaay la ci dund gi ; moo ñuy jàmmal ci wàllu cuuxat ak di jàppandil nekkini wi; ci anam bii la meññat mën ame, ak lépp luy kàttanal.

Kon, di saytu ngir ëllëg kéew gi, wareef la, ndax kéew gi dafa bare anam yu muy doxe, ba am jeexital ci xeexub ndóol, maanaam ñàkk gi.

5- Yeneen wàll yiy jàppale pàcc bu lalu bi:

Yooyu ñooy:

- dawaan, maanaam kuræ bi yegg ci kaw gi, nga xam me njariñam bari na lool ci koomu réew mi, ci noo ko mën a jàppe nag;
- aa, li telefon bi di def ci kaw gi de, ci lu baax, woroo na ak li ci nit ñi daan wax walla di ko ci yaakaar; ndax xam nga ne 65% ci li telefon bi di jur/meññ mu ngi jóge ci li muy jokkale ak bitim réew;
- liy yóbbu nit ak matukaayam, moom, ndëgërlaay la ci yëngutey koomu réew mi; du loolu moo tax kilifay réew ni teg ko bët, di ko sóoraale, maanaam di ko bàyyi xel bu baax. Ci noonu tëralin wi ñu taxawal, ngir jubbanti wàll wi ittéwoo di yóbbu ak a indi, te mu nekk ci 2^{eelu} anamam mu ngi taxaw ci lépp luy baaxal tëralin wuy jur ag koom. Ndaxam pàcc bii dé, ñiy liggéeyal seen bopp doæ ñoo ko aakimoo, rawatina ci li jëm ci di toxal ay nit wallay mäsandiis.

6- Yeneen tëralin yi ñeel at yi ñu dëgmal:

A- Ni ñu fas yéene yokke wàllu mbey mi:

Li ñu war a ittéeel mooy fexee taxawal yokkute gu sax ñeel mbey mi, ngir wàññi bu baax ndóol/ñàkk gi, lëkkële kook dalal xel yi ci wàllu lekk, maanaam li ñuy dunde. Fii nag kon ni ñuy defe mooy: diir/dàkk jëmukaay yi ñu jàpp, di nasaxal nag gàllankoor yi. Loolu mooy di:

- suqali suuf si, maanaam delloo ko dooleem;
- fanq walla xeex ngelaw liy toxal suuf si;

xarala, ci wàllu isin ak ci wàllu mbell ak cóola,
rawatina bu lépp matalee réew mi ;

- defaraat doxalin wi, maanaam jubbanti tëralin week
yeesalaat lépp luy isin ;
- amal nag ay matukaay ak i defaruwaay yuy jàpple
liggéeyu isin yi.

2. Isin yiy soppali :

a-Li aju ci dugub ji ak li ci xeetoo :

Li koy liggéey tas na ci ñeenti yoon yuy soppali wirgó
yi :

- yoon wi des ci biir kër gi/yi : mooy bi ëpp solo ci
réew mi ndax moo ëpp lu ko kaw gi di jariño ak it
waa taax yi, ndax ci noonu lañuy awe ci yoonu
soppali ba am sunguf ak la ca xeetoo. Ñetti njël yu
ne, ñaar ya ñu gi wéy/dund ci anam boobu ; liggéey
bi nag, bob loxo la (gënn ak kuur), te kat,
xoolal, moo ëmbaale, maanaam moo mooñaale lépp lu
aju ci xolli ak ci wol (ba mu mukk rumbux). Li tax
mu am solo itam, mooy limu jarul dara (ci xaaalis),
ndaxam liggéey bu metti de!
- yoon wi xarala gi tegu: moo ëpp lu ñu koy jëfe ci li
wër dëkki taax yi ak taax yi ci seen bopp ; juróom-
benni (6000) junniy masini wol ñoo amoon ci atum
1992, doonte 4000 ya do~~ax~~ ñoo doon dox. Xarala gi
daal moo yeyoo di wol dugub ji. Moo yeyoo it
ndefarum wirgo yu teew, yuy waa j a sotti, te deme
ni sunguf ak summul, ak wirgo yu sotti, te deme ni
cere ak ruy ;
- yoon wi desee xay (ci wàllu isin): li fasu ci yoon wi
mooy i xeeti sosete yu nekk ci diggante xarala ak
isin, ndax lenn ci liggéey bi ko ittéeel, loxo lees
koy defe, te loolu lu ci am solo la. Sosete yooyu
ñu ngiy liggéeye ay juntuukaay ak i matuwaay yu deme
ni masinu wol, biy xolli, biy suude, biy wowal,
yenn saa yi biy tànn. At mu jot dinañuy
defar/liggéey diggante 150 ba 300 ton. Dayob isin
yu ndaw yooyu, fanweer lañu, ñu yemale leen ci
ñaari diwaan: Ndakaaru ak Cees;
- yoonu isin yi nag ñoom, dafa mooñaale isin biy defar
mbiskit ak yiy lakk mburu; ay kurél yu mag ñoo ko
séq te deme ni mule~~x~~ "sentanag", wolukaayu dugub bu
bees bi, fi ñuy defare "pat" yi ñuy lekk, ak
"Garaamule~~x~~ dë Dakaar", nga xam ne mën nañoo

liggéey 6 ba 10.000 toni fariñ ak summulu dugub at mu jot; lakkukaayi mburu yi ak yoy mbiskit yi, i kurél lañu yuy soxla/ittéwoo sungufas dugubu réew mi.

b- Li ñeel nappum géej gi:

Fii ñaari yëngutee fi am: nappum cosaan ak napp miy dundal isin yi. Soppali gi ñuy defe cosaan, mu ittéwoo 30% ci li nappum cosaan mi génne (buuj, xor jën), te loolu ñu yokk ci li lambe ci napp mi ñeel isin. Yëngute yooyu nag, jigéen ñee leen soloo, góor ñi jàpple leen ci lu deme ni dagg jën yi, yéegé leen ak di leen raxas. Ci wàllu coppalin wi ñeel isin yi, 80 sosete ñoo ngi ci doon yëngatu ci atum 2000; li ëppoon solo ci seen yëngute it moo doon seral jën yi ak di mooñaat, maanaam di liggéeyaata desit ya bawoo ca jën ya, ngir soppi leen sunguf.

c- Wàllu isin yiy defar ndimo:

Réewum Senegaal dafa baaxoo i isin ci wàll woowu. Xoolal, dafay bey wëttéen, di ko ëcc, di ko ràbb, def ci wëñ, di ci defar piis/ndimo, te di taaral lu ci nekk. Ndax xam nga ne wëttéen wu sakkan a gi tege, di xaar, ci biir réew mi? Lenn kese lay xaar: isin yu koy liggéey.

d- Meew ak i meññitam:

Wàll wii nag taxul mu yàgg fi. Ndaxam soppali meew cosaan la fi. Jabari sàmm yi dañoo mos di soppali lenn ci "seeni meew", ngir ja/marse yu leen jege. Ci seen xam-jëf gu ñu aadawoo lañu sampe, ci dëkki taax yu ndaw-ndawaan, ay kurél yu ittéwoo meññati meew. Ci noonu, lu tollook ñaar-fukki isin yu ndaw-ndawaan la ay kuréli jigéen taxawal; yenn yi, kenn a leen moom, yeneen yi mbooloo moom leen. Li am ba des mooy meew mu ñu defar dëgg lañuy génne ci anam yii: soow mu ñu def ciy mbuus yu mucc ayib, ak i foromaas.

e- Meññetef yi/meññet gi:

Ay sosetey cosaan yu baree ci sóobu, rawatina ci diwaanu Dakaar ak ci yenn dëkki taax yi. Yëngute bi ci gën a néew lu muy génne ci xalis (200 dërëm ba 300 dërëm) bés bu nekk, la jigéen ñi ittéwoo. Coppalinu meññeef, ba mu doon njarum cosaan (ndoxum bisaab, mom jinjeer, mom daqaar) lañuy def ciy mbuus yu mucc ayib, di leen jaay ci xew yi.

Lay jóge ca njaay ma, yaay jaa koy jox doom ja. Loolu nag, ndollent la, maanaam xéewal la guy yokku ca njaboot ga, doon it am pexe mu njegemaar yi di mënale seen bopp ci wàllu am-am (xalis).

f- Yeneen meññat yi:

Tigadege ci la bokk, ak gerte caaf, ndaamaraas, xob ak reeni garab yu wow, kaani, poobar, xorom ak ñ-s.

Diw-tiir, diwu karite, diwlin ak-ñ-s netetu ay wirgó lañu yu ñuy soppali.

g- Wirgó yi jóge ci petarol :

Ñi ciy liggéey ci biir réew mi ñooy : «COSETAM, PETROMAS, PETROSEN, SHELL SENEGAAL» ak sosete bi soloo esaasu ropplaan yi, MOBIL SENEGAAL ak SPP.

h- Wirgó yiy bawoo ci isin yi :

Li ci ëpp solo Ii-See-Es a koy meññ :

- fosfaat bi ñuy jaay, te di ko defare ca mbellug Tayba ga : digganteem ak Ndakaaru 100 kilomeetar la ;
- asiid bu saf (fosfoor): 2 isin yu taq, nekk Daaruu, ca wetu mbell ga, ñoo koy meññ ; at mu jot ñu meññ ci 660.000 ton ;
- i xeeti àngare : (DAP, NPK, SSP/TPS), ñooy jóge ci isin bi nekk mbaaw ; digganteem ak Ndakaaru 18 kilomeetar la.

3. Xarala gi :

Wàll wii nag, moo ëpp xéewal ak I bunti liggéey; moo ëpp it bu ñu koy seet ay kuréli liggéeyukaay.

Mbooloo mi ciy liggéey ak xereñ gi mu xereñ mënees na cee am firnde ci gëstu gi ñeel dëkkaani Senegaal.

Kërale gi ci ron it, tegtal la ci.

Àlluwa 1 : limu isini xarala yu ndaw yi ci diwaan yi.

Diwaan yi	Limu isin yi ci biir diwaan bu ne
Ndakaaru	20.705
Njaaréem	7.800
Fatig	11.047
Kawlax	7.256
Koldaa	7.443
Luga	3.315

Ndar gééj	5.594
Tàmbaakundaa	3.727
Kees	4.287
Sigicoor	6.753
Mbooleseen	77.927

Mënees naa xaaɗ wàllu xarala wii ci ñetti pàcc:

Xarala gi ittéwoo meññat, gog sarwiis ak gog taaral.

4. Wàllu mbell gi: beneen buntu xéewal la buy yaatal am-amu kaw gi.

Li am solo fii mooy (i) xalaat aw tëralin wu jub, te di wootal ak a yékkati liggéeyu meññat wi bawoo ci mbell yi, ngir mu jur ag yokkute gu sax; (ii) amal ay yëngutey xarala ak yu daanaka yu isin lañuy doon; loolu nag, dafa ànd ak ag jàppale ci wàllu koppar ñeel mbell ak alalu suuf; laaj na it ag jàppale ci wàllu koppar ak defin, ngir yokk daraja wàll wii wépp, rawatina mbell yu ndaw-ndawaan yi. Yeneen pexe it ñu ngi jëm ci wàllu seet nu ñuy def ba am ay ruusit ci liggéey bi, di tàggat ñiy liggéey ci wàll wii, ba ñu gën a xereñ.

5. Nees di def ba yokk daraja yëngutey kaw gi:

Moonte ay yëngutey ngi nii, yuy jur ay koom yu am solo ci kaw gi. Lan moo ko yékkati (i) xanaa suqali lépp luy taaral defin wi ñeel yëgle ak jokkoo ci kaw gi (ii) sos ay daaray njàng yu ñuy fey (piriwe) (iii) sos ay kuréli wér-gi-yaram yu ñuy fey (piriwe) ci kaw gi (farmasi) ak (iv) yaatal ci kaw gi ay kurél yu ñuy fey, te ñu ittéwoo tàggat yaram ak mbiri aada ak cosaan.

1.3- Wàll wiy jàppale ci meññal : matuwaay yeek liggéeyuwaay yi:

1- Matuwaay yi:

Ay matuwaay mënuñu ñàkk cib gox, gannaaw dañu faa bëgg a doxal ag yokkute; matuwaay yi dañoo bari ci li ñuy jàppale: meññalin wi ci la bokk; yoon yi ñuy aw ba yóbbu/jaayi li meññ, dañuy jàppale it ciw meññalin. Li metti fii nag mooy dafa am gox maanaam ay béréb yu néewle te taq ci dëkki taax yi walla ñu nekkee ci kaw gi; dañoo ruge lool rax ca dolli amuñuy yoon, te néewle it pexey jokkoo. Li ñu jàpp ne mooy saafara jafe-jafe yooyu mooy: ay yoon yu nit ñi di mën aw ba di yóbbu ak a indi; yaatal kuræ bi ba mu àgg ci kaw gi, yaatal it telefon bi, naka noonu xaralay yëgle ak jokkoo yi, tabax ay marse/ja,

neexal maanaam defar lépp luy jàpple askan wi ci kaw gi: ndox mu sell te doy, jagal dëkkuwaay yi, tabax i dëkkuwaay.

Ci wàllu kàttanal, maanaam ci wàllu kuræ, nguurug Senegaal jot naa siñe/torlu ci 9 awril 2003 ag kayit/bataaxal buy yëkkati wàllu kàttanal ñeel askan wi.

Ndaxam bataaxal boobu, la ko yëkkati ak jeexitalam, lépp xooju na ci NEPÀDD (fexe di jukkale li aju ci kuræ, jokkalante it li aju ci mbiri gaas), ci dëndu Afrig gépp.

"ASEER", maanaam kurél gi ñu dénk mu yaatal kuræ bi ci kaw gi mu ngi juddu ci 14 awril 1998 ci àtteb lim 98-59. Moo yeyoo kon di yóbbu ba fu mu gën a soree kuræ bi ci kaw gi.

Ci wàllu ndox ak cellug dëkkuwaay, nguur gi def na ci ay jéego yu am solo rawatina ci diggante 1997 ba 2003, ak lépp lu jëm ci 11 dëkki taax yi soloo ndox mu sell.

Su dee lu jëm ci kaw gi, foofu it, li kaw gi soxla mooy i foraas. "INISEF" jàpp na ne 72,70% mooy dayob ndox nu sell mi askan wi ittéwoo, te jàppandil, doonte yées na li àddina sépp jàpp, te mooy 100%.

Sellal dëkkuwaay yi nag mooy wàll wi gën a sooxe ci liggéeyu nguur gi ñeel askan wi. Néew na dëkk bu am téralin wu muy jagleel ndox mu tilim/bon; boka na ci dëkk yi ko gën a néewle Ndakaaru, Ndar-géej, Cees, Luga ak Kawlax. Xoolal 2001, ci 100 jaboot, 37 doæ ñoo jagoo aw yoon wu ñuy tuure seen ndox yu bon/tilim. Leneen li mooy ñakk aw téralin wu ñuy defare kompost, xeetu àngare la. Ndaxam ñu ngi góor-góorlu ci lépp luy jàpple ci tonninu mbalit mi ci péey bi; kaw gi de, moom, amul ko.

Dëkkuwaay bi ak matuwaay yi ñuy deme ak a dikk lu jaaxal waa Ndakaaru la ak yeneen dëkk yu mag yi ci biir réew mi. 10.000 kër yokku nañu ci kër yi ñiy sàkku, te mēnuñu ko am. Ci wàllu dem ak dikk jafe-jafe yu rēy la ci nit ñiy am ci dëkki taax yi.

Jafe-jafe yooyu dañoo gën a tar ci kaw gi. Kuræ bi de moom xaw na gën a yaatu ci diggante 1998 ak 2002, ndax mu ngi woon ci 26,2, te léegi mu ngi ci 43%. Taxul nag kaw gi matale ndaxte ci atum 2001, 404 jaboot doæ ñoo am kuræ.

2- Barabi liggéey yi:

2.1- Dem bi ak dikk bi ci yoonu géej:

Mu ngiy dox bu baax ndax pooru Dakaar bi nga xam ne dafa nekk ab sélébé-yoon, ci tefesu Afrig gi féete sowu.

màrsandiis mi jóge ci biir réew mi, te fas yéene gén. Muy nit ñi di màrsandiis mi, mën nañu awe ci poor bi, ayropoor/kàndaa bi walla ci gaar yi. Tëralin woowu moom doonul wuy jàpple ci biir diwaan yi walla ci diggante diwaan ak moroom ma.

Guddaayu yoon yi tollu na ci 14.577 kilómeetar, waaye lépp du tali de. Li ciy tali 4.265 kilómeetar doæ la (29,3%) leneen li di 10.371 kilómeetar (70,7%).

Li ëpp solo ci wàllu yooni woto yi mu ngi nekk ci Sowu réw mi ; fa la nit ñi ëppe, fa la njaay mi gën a doxe it (90%).

2.5- Ci wàllu dem ak dikk ci biir dëkku taax bi :

Ku nekk xam na ne dem ak dikk bi ci biir dëkku taax bi àntuwul ndax ñàkk a jàppandig matuwaay yi ci war. Loolu nag li ko sabab ñaar la, ba ñett : ñi aajoo woon matuwaay yooyu jéggi nañu dayo ; «Sotaraag» doxatul ; mäggaayu Ndakaaru gaaw na ba yéeme.

Ci biir loolu lépp nag, woto yiy yóbbook a indi nit ñi, aa, ba 2005 de, ay kaar ràppid lañu ak i njaga-njaay. Ñoom ñaar ñépp nag, amuñu tëralin ci seen biir liggéey, rax ca dolli woto ya mággaat lool. Ndekete kon lii mooy sababu tóoxidoona, maanaam aksidaæ yiy faral di am ak musiba yiy bawoo ci seen coow ak ngelaw lu sikk.

Bu ñu ci yokkee nag dëkkuwaay yi jafee dem/yegg, ndax dañoo ruqe ak yoon yu bon yi, daañu gis liy jafeel dem beek dikk bi ci biir dëkki taax yi mel ni Ndakaaru.

Be léegi nag mbir mi sotteegul. Ndaxam taxawal nañu fii ci Ndakaaru "Dakaar-Dem-Dikk"; ndaxam it gëmm nañu ci taksi kalandóo yi, rax ci dolli gëmm it ci móto yu ndaw yi, ci seen bariwaay, lépp ngir wàññi xat-xat yi aju ci Dem walla Dikk yi nga xam ne gaaral nañu, maanaam seen jeexital baaxul ci koomu réew mi, baaxul it ci askan wi rawatina ci ñi néew doole ak ci kéew gi.

2.6- Yooni àll bi/yooni kaw gi:

Réew mi am na 14.576 kilómeetari yoon yu yaatu, maanaam ay xàll; ci biir loolu 4.216 kilomeetar ñoo ciy yooni àll. Njawriñ li ittéwoo matuwaay yi ak Dem beek Dikk bi moo koy saytul nguur gi. Ci ut 2000 taxawalees na ag kurél gu soloo liggéeyi yoon yi, seeni toppaatu ak seeni jagal; xaaalis bi aju ci loolu, bob réew mi la.

Mbooloonte gox bu nekk nag mooy saytul boppam i yoonam gannaaw ba mu jàppoo ak kuréli yokkute ya mu ëmb ak I Oo.En.See. Guddaayu yooni kaw gi nag xameesu ko dëgg. Seen

toppaatu it des na. Loolu kay mooy sabab néewaayu liy meññ ci kaw gi.

3- Xarala yu bees yu aju ci yëgle ak jukkoo ak yeneen xeeti matuwaay yi:

Telesàntar yeek yu ni deme ñooy wàll wi gën a yëngatu ci liy suqali koomu réew ni. Ci atum 2004 ab gëstu wone na ni ñiy liggéey ci wàll wii ak ñi leen ci jàpple, jot nañoo dajale 230 milyaar ciy seefaa.

Aa, ma ne loolu de lu am solo la ci li réew miy meññal boppam ; tollu na it ci 6%. Waaw lii moo tax muy wàll wi ëpp lu muy sos ab xëy ci réew mi ; déggal waay : ci ñetti at yi jàll, 22.000 xëy la sos !

Ngir yaatal ko ba ñépp jot ci, taxawalees na àtte bu bees ci 2001. Jëmuwaayu àtte boobu mooy ubbi bunt bi, ku mën na def, loo ci am muy njariñu réew mi, njariñu askan wi.

Léegi de, ku nekk a ngi xëcc jëme sa kanam, rawatina ñaari «jamaale» yii : «Sonaatel» ak «Seentel».

4- Wàll wi aju ci leb ak ndenc (bor yu sew yi)

Aka gaaw a magg, rawatina ci fukki at yu mujj yii. Bokk na ci li waral mäggaay boobu, maanaam yokkute googu, cawarte gi mooñu ci mbootaay yeek kurél yi taxaw ci xeex ndóol/ñàkk gi. Ci desàmbar 2003 doææ jot nañoo am 700 kurél yuy yëngu ci wàllu Mitiyel, kuréli ndenc ak leble ak yu ni deme. Kurél yu bari yooyu, 18 lañu woon ci 1973; atum 2003 yokku nañu ba tollu ci 724; ci biir loolu 311 ñoo ciy mitiyel; 401 di kuréli denc ak leble; 4 di ci kurél yu yaatoo-yaatu; 7 doon ci ay kurél yu mën a daalante.

Ci 31 desàmbar 2003, wàll wii nii la bindoo woon :

- ñi ci jot a liggéey 510.883 lañu woon ;
- li ñu leble woon ci xaaalis 57 milyaar yu tegal 800 milyoæ ciy seefaa ;
- 7 kurél yiy daalante liggéeye nañu xaaalis bu tollu ci 37,2 milyaar ciy seefaa ;
- li ñu dugal ci xaaalis tollu na ci 42,1 milyaar ;
- bor yi ñu war a lijjanti ci 7 daalante yi tollu nañu ci 1 milyaar ciy seefaa.

Ndekete kon 7 daalante yooyu ñoo ëmb 84% ci wéy-bokk yi ; ci biir loolu 35% ñoo ngi bokk ci See.Em.Es. ; 25% bokk ci PAMEKAAS, ; 7% bokk ci IMEKEU.

5- Yaxantu bi/njaay ak njënd mi :

Njaay mi ñeel biti/yaxantub biti

Ci suñu jëflante ak biti, li ci feeñ mooy lu ëppe 75,4 milyaar ci 2003, gannaaw ba mu doonoon 111,7 milyaar ci 2002, doonoon 61 milyaar ci 2001.

Xam nga lan moo ittéel nguurug Senegaal? Xanaa fexe ba yaxantub bitim réewam doon bu kawé, maanaam bu am solo ciy yëngutéem; loolu moo tax nguur gi saxoo di tëral ak a soppi ay doxalin rawatina ci 10 at yu mujj yii. Taxawaayam yépp mooy fexee taaral ak a yokk njaayum bitim réewam, te di mënàl boppam ci lépp lu aju ci li muy uti bitim réew, te deme ni matuwaay.

2001 ba 2003, li réew mi jaayi bitim réew dafay gën di kawé/yokku:

- 2001 : 796,8 milyaar
- 2002 : 748,4 milyaar
- 2003 : 762,8 milyaar

Fan lay jaayi ay wirgóom? Xanaa Bennoob Tugal ak Se.De.Aa.Woo, ci biiram ëmbaale na Ii.E.Mo.Aa.

Li muy jëndi, te mu aju ci matuwaay ak yu ni deme dafay yokku, ndaxte dem na ba ci 6% ci diggante 2000 ak 2003.

Nan la mbir mi tédde ?

- Ci atum 2000 jëndi nañu lu tollu ci 961,8 milyaar. Diggante 2001 ba 2003 jóge na ci 1047,1 milyaar dem ba 1216,6 milyaar ci 2003. Ñiy jaay Senegaal ñooy : Bennoob Tugal (55%). See.De.Aa.Woo 12% ; Ii.E.Mo.Aa. 5,5% ; ak Se.Mag. Kon bu ñuy màndaxe li ñuy jaay ak li ñuy jënd, dinañu gis ne ndam li bariwul/dégarul, te loolu moo tax ñuy deseel ñi ñuy jëflanteel.
- 1997 deseloon nañu 158,4 milyaar
- 1998 deseloon nañu 184,6 milyaar
- 1999 deseloon nañu 212,9 milyaar
- 2000 deseloon nañu 296,9 milyaar
- 2002 deseloon nañu 260,3 milyaar
- 2003 nag moom dem na ba 415,7 milyaar !

6- Ci wàllu dëkkuwaay yeek tabax yi:

Wàll wii nag, moom, dox na lool ci réew mi.

Yegg na ba 4% ci li réew niy meññ. Doonte xawoon na wàcc diggante 2001 ba 2003, wàll wii, moom masul des ginnaaw, te li koy doxal mooy simoæ bi, kër yi ñuy luyé ak a jaay, taxawaayu «Bànk dë labitaa» ak matuwaay yi aju ci yooni woto yi.

Kër yi ak dëkkuwaay yi, seen liggéey dox na bu baax. Kurél yi leen soloo amal nañu 27.650 dëkuwaay ci diggante 1970 ak 2002/2003. Ci biir loolu 24.656 dëkkuwaay yooyu ñoo ngi ame ci biir diwaanu Ndakaaru, 2.994 dëkkuwaay ñoo am ci yeneen diwaani réew mi. Li am ba des mooy dëkkuwaay yooyu ñu tabax, te ñu génñ diwaanu Ndakaaru, ASELEM doæ a leen tabax. Yi ci biir Ndakaaru nag di 12.918 dëkkuwaay, Sikaab a leen defar; Aselem moo defar 11.738 ya. Ñeneen ñiy tabax nag jot nañoo tabax 27.425 dëkkuwaay ci diggante 1982 ba 2000.

7- Wëraan mi :

Nguur gi du ko sàggane ndax mooy yoonu yokkuteem, di ko jural am-am, maanaam alal ñeel ay doonam, di gën a kaweel it yokkuteeg réew mi, rawatina bu gënee jariño li ko Yàlla baaxe ci wàll woowu.

Léegi nag, na gën a sellal liggéey bi, yokk te yaatal wëraan meek lépp lu ca taq, jagalaat dëkkuwaay ya, ubbil ko way-dëkk yi, jóo ci xaaalis bi war.

Aa, waar wi de, bokk na ci yiy jëme kanam réew mi ci wàllu koom ak ci li muy jur xëy, maanaam daal ci li muy jàppale réew mi ci anam yu bari.

Meññal na biir réew mi 4,6%; muy liggéeyloo 75.000 nit, di dugal ci nafag réew mi 27,2 milyaar ciy seefaa.